# Нур

ISSN 0207-6551

5

2018

6+

# АРЫПЩХЭ Я ЛЪЭПКЪ ЖЫГ

**Арыпщ Дамир къихутащ я лъэпкъ тхыдэр. Сыт къехъулІар?**

- И щІэныгъэм хигъэхъуащ.
- И лъэпкъэгъухэм я лІыгъэ, ехъулІэныгъэхэр къищІэри гушхуащ.
- Щапхъэ къызытрихын иІэщ.
- Япэ итахэм я пщІэр игъэпуд хъунукъым. Абыхэм яхуэфэщэн хуейщ.




### «Арыпщхэ я лъэпкъ жыг» къэхутэныгъэр гъэкІэщІауэ тыдодзэ, сабийхэм щапхъэ къытефхыну

**УнэщІэр:**

Арыпщ – Іэрыпщ (ІэкІэ къэзыпщ), аращ къызытехъукІар.

**ЛІакъуэр:**

Уэркъ щауэ лІы гъусэ лІакъуэщ (уэркъ лІэужьыгъуиплІым я епліанэщ).

## Щыпсэуар, псыхъуэр:

Шэджэмыпсым и ижьырабгъу Iуфэм, Шэджэмрэ Лашынкъейрэ я зэхуакум Къэзанэкхъуэ щIыпIэм, пщы Бэчмырзэ и кхъэлэгъунэм пэгъунэгъуу.

## Iуэрыlуатэм къызэрыхэщыжыр:

XVII лIэщIыгъуэм адыгэхэмрэ дагъыстэныдзэхэмрэ щызэпэщIэувам хуауса уэрэдырщ:

*Айрэ, пщы чэумэ къыдэжэ шухэр,*
*Уоу-рирэ, уоу-рирэ!*
*А АрыпщыцIэркъэ, арэдэ, шуупэт!*
*Уоу-рирэ, уоу-рирэу рирэ, уэу-рирэ…*

## IэщIагъэу яIар:

Щауэ лIы гъусэ уэркъхэр зауапIэ Iутт, щIым телэжьыхьырт, Iэщ куэди ягъэхъурт.

## Лъэпкъ дамыгъэр:

Инджылыбзэ хьэрф S-р зэблэдзащ (гъуджэм къызэрищынум хуэдэу).

## Си унагъуэм теухуауэ:

«Си адэ-анэр Арыпщхэ Аслъэнрэ Маринэрэщ. ФIыуэ слъагъуу зы къуэшрэ шыпхъуитIрэ сиIэщ. Ахэр: Арыпщхэ Руслан, Эльмирэ, Лианэ».

## Сэ стеухуауэ:

«Сэ фокIадэм и 17-м 2007 гъэм Налшык къалэ сыкъыщалъхуащ.
14-нэ МКОУ Гимназие 14-нэм «В» классым сыщоджэ. «Дамир» цIэр къысфIэзыщар си адэрщ. Си цIэри къэсхутащ.
ХьэрыпыбзэкIэ: «цIыху пэж»: укIытэ зыхэлъ.
СлавяныбзэкIэ: «дать», «мир»: мамырыгъэ езыт.
ТыркубзэкIэ: «Тимер» (Тимур) – «гъущIым хуэдэ, ерыщ».

## Арыпщ лъэпкъыр зэрыгушхуэхэр:

**ПIатIэ** и цIэр ди лъэпкъыр здиса щIыпIэм екIуалIэ гъуэгум фIащащ. Ар япэ дунейпсо зауэм и шуудзэм хэтащ, «Георгиевский крест» 4-нэ степеныр къыхуагъэфэщащ.

**Хьэжсет,** Кавказ псом щыцIэрыIуэу, сэшхуэ, къамэ, шы Iэпслъэпс, дыжьын бгырыпх, бгъэIулъхэр ищIу щытащ.

**Хьэжмусэ** КъБР-м и япэ журналистхэм яхэтащ («Социалистическая Кабардино-Балкария» газетым и литературнэ лэжьакIуэу).

**Исмэхьилрэ** (курыт еджапIэм и унафэщIт) Борисрэ (мелуаныбжэ колхозым, ветеранхэм я Советым я унафэщIт) хуагъэфэщащ Шэджэм къалэм и «ЩIыхь зиIэ цIыху» цIэ лъапIэр.

**Iэдэм** Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щызэрихьащ, дамыгъэ куэд иIэщ. Шэджэм РАЙПО-м и унафэщIу лэжьащ.

**Аскэрбий** Шэджэм районым и «щэхуакIуэхэм я зэгухьэныгъэм» и унафэщIщ.

**Ахьмэд** экономикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, полицэм и подполковникщ. «За боевое содружество» дамыгъэ къыхуагъэфэщащ.

**Руслан** «Охранные системы безопасности» зэгухьэныгъэм и унафэщIщ, депутатщ.

*Къэхутэныгъэ лэжьыгъэмкIэ сэбэп къысхуэхъуащ егъэджакIуэ* ***АФIЭУНЭ Маринэ.***

**Къызытехъукlахэм я цlэ (лlакъуиблкlэ дэбжеижу) къизымыlуэфыр ауан ящlт. Къэфхутэ фи «Лъэпкъ жыгыр». Лэжьыгъэхэр къытхуевгъэхь. Къытеддзэнущ, саугъэти пэдгъэкlуэнущ.**

# ЦӀыху гущӀэгъум и фэеплъ

*ТекӀуэныгъэм и Махуэшхуэр дунейпсо гуфӀэгъуэщ. Гъэ къэс ар дахэу щагъэлъапӀэ Къэрэшей-Шэрджэс республикэм щыӀэ Беслъэнейхьэблэ. Мы къуажэм дэтщ ТекӀуэныгъэм и тхыдэ сурэт – шэрджэс анэм и фэеплъ уардэ. Ар хуагъэуващ Ленинград блокадэм къраха сабийхэр зэзышэлӀа, зыпӀа шэрджэс бзылъхугъэхэм. Шэрджэс анэхэм кърагъэла сабийхэм я бжыгъэр 32 мэхъу.*

Зауэщ… 1942 гъэм фашистхэм къаубыдыхьа Ленинград гугъу ехьыпэурэ ди сэлэтхэм сабийхэр къыдаш. Зеиншэу къэна а мэжэщӀалӀэ цӀыкӀухэр зауэм пагъэӀэщӀэу къэралым и щӀыпӀэ нэхъ пхыдзахэм яшэ.

Апхуэдэ сабийхэр илъу шыгу зэщӀэщӀахэр КъШР-м къэсри Беслъэнейхьэблэ дыхьащ. Ленинград къраша сабий уи унэ ипхьэныр шынагъуэт а зэманым: фашистхэм уакъелынутэкъым. Апхуэдэу зэрыщытыр ящӀэ пэтми,



жылэдэсхэр сабий гъуэгурыкIуэхэм япежьащ. Зеиншэ цIыкIухэм игу ящIэгъуу шыгум бгъэдыхьащи, Уэхъутэхэ Абдурэхьмэн сабийхэм яхоплъэ. Къулейсызщ гум илъ цIыкIухэр. Гъаблэм лъэрымыхь ищIащи мыIэмылIэхэщ – хэт плъыржьэрщ, хэти фэндырэм хуэдэу и ныбэр бэгащ. Уэхъутэ зэщхьэгъуэсэхэм зы къуэ яIэт...

А махуэм Абдурэхьмэн шыгум IэплIэкIэ къриха Ивановэ Катя пхъу цIыкIуу унагъуэм ирахьэри, Щыхьэт тхылъхэм Уэхъутэхэ ФатIимэу иратхэжат. Уэхъутэ зэщхьэгъусэхэр зыпэрыхьар шынагъуэ гуэрт: а Iуэхур хэIущIыIу къэхъумэ, зэуэзэпсэу фашистхэм укъагъуэтынут.

ИтIани текIуащ Абдурэхьмэнрэ Щащэрэ я цIыху гущIэгъур! ТекIуащ фIыр, пэжыр. Апхуэдэ пэжым и фIыщIэу ФатIимэ (Катя) шэрджэс бзылъхугъэ хьэлэмэт къищIыкIри унагъуэу тIысыжащ… Дауи, ФатIимэ анэшхуэ хъужри къуэрылъхупхъурылъху Iэджэ шэрджэсыбзэрэ хабзэкIэ иущиящ, ипIащ.

Беслъэнейхьэблэ дэтщ шэрджэс анэм и фэеплъ уардэ – текIуэныгъэм и мывэныбжь. Гъэ къэс Майм и 9-м жылэдэсхэр зэхуэарэзыуэ, гуфIэу щызэхуэс шэрджэс анэм и щIыхькIэ ягъэува а фэеплъым и пащхьэ.

ЦIыхугъэ лъагэм и щэнщ апхуэдэ щIыхьыр.

***КЪАРМЭ Iэсият***







*МЭЛЕЙ Фатlимэ*

# МЫЩІЭ

Юрэ вагъуэхэм йопсалъэ: «Уэ ныщхьэбэ уфагъуи-тlэ?.. Щlылъэм тlэкlунитlэкlэ нэхъ мыхъуми гъунэгъу зыкъыхуэпщlамэ арат. Пщlэрэ, уэ хъыджэбз цlыкlу укlытэхым урещхьщ. Хъунщ-хъунщ, зумыгъэщlагъуэ иджы, сынаплъэкъым… Шыхулъагъуэ сылъыгъуэзэн?.. Уэ сызыlэпыбошэ, сызыбогъэхъуапсэ, уи лъагъуэм сытебгъэхьэну щlылъэм сытыбоlэтыкl. Зы шы къарапцlэ сиlатэми… Зэм-зэм уи лъагъуэмкlэ сынырикlуэнщ, ауэ ныщхьэбэкъым... Иджы Вагъуэзэшиблым салъэlэсынти», – ядогушыlэ щlалэ цlыкlур вагъуэбыным.

Лъыхъуэм-лъыхъуэурэ, Вагъуэзэшиблыр и нэгу къызэрыщlэхуэу, Юрэ къэуlэбжьащ. Илъагъур и фlэщ мыхъуу, и нэр иуфlыцlщ къигъэплъэжри: «Хэт къакlуэу а уи пэнцlывым къытетlысхьар, йы? Зэ мыдэ, иджыпсту…» – жиlэурэ пlащlэрыщlэу телескопым и окулярым абдж lув иригъэтlысхьэри уафэгум тригъэпсэжащ. Пэж дыдэу, Вагъуэзэшиблым я пэнцlыв дыдэм вагъуэ шыр тест. Ар кlэзызт, фагъуэу идз нурым мыщlэу къыхэцlуукlыу.

– Мыщlэ, уэ дэнэ укъыздикlар? – Юрэ абы занщlэу цlэ къыхуигъуэтащ. – Уэ сэ зэи услъэгъуакъым. Зэзакъуэ нэхъ мыхъуми уафэгум сыщыпхуэзатэмэ, узгъэгъуэщэнтэкъым… Ди нанэ и джэджьейхэращ сфlызэхэзэрыхьыр, ауэ вагъуэхэр фызоцlыху. Уэ увагъуэщlэщ. Сэ уэ укъэзгъуэтащ! Укъэсхутащ! – Юрэ гуфlэгъуэм зэрихьэрт. – Сэр нэмыщl зыгуэрым укъихута? Хьэуэ. Мыщlэ, уэ сэращ укъэзыгъуэтари, усысейщ, – жиlэу Юрэ вагъуэм здепсалъэм, Мыщlэ ещlэри къехуэхыу хуежьащ. Юрэ, илъагъур и фlэщ мыхъуу, и нэр окулярым къытрихри уафэгум иплъащ.

– Еу-уей, Мыщlэ йож. Сыт хуэсщlэфынур? – жиlэхуи пэтакъым: вагъуэр напlэlэрыкум* ижащ. Ижащ… Мыщlэ…

Юрэ нэщхъей къэхъуауэ пкlэунэм ит шэнтжьейм гууэщlу зридзащ, къыщиуду гъын къудейуэ.

– Ар вагъуэщlэтэкъым, атlэ вагъуэижт. Си щхьэр къэзгъэпцlэжауэ аращ… Уа, вагъуэр ижа нэужь щlылъэм къэмысу уэхбзэхыу хьэршым хэкlуэдыхьрэ е щlылъэм къытехуэрэ? Къытехуэмэ, сыт къыщыщlынур? Щыкъуейуэ щэ-

щэну? Хьэуэ-хьэуэ, МыщӀэ къутэнукъым, ар къутэ хъунукъым, – жиӀэу абы и гурыгъузым хэту, Юрэ Ӏурихащ.

Юрэ зэригъэгузэвам зыри химыщӀыкӀыу, МыщӀэ ӀэфӀ дыдэу здэжейм, къыдэкӀуэтей дыгъэм и бзийхэр къылъэӀэсри, къагъэушащ. Абы зиукъуэдийри жейбащхъуэнэу зиплъыхьащ. Ар къыщыхутат пщӀантӀэ удзыпцӀэм. ИхъуреягъкӀэ джэдкъаз хъушэр щыхъуакӀуэрт. Куэтэншэрхъ хуэдизу зи кӀэр зыгъэцыджа гуэгушыхъум, игъэщӀагъуэу, здеплъым, зы адакъэщӀэ лъакъуэ мастэ къыбгъэдэлъэдащ:

– ЖьэкӀэ зуплъыхьу щхьэ ущыт? Нажэ псынщӀэу, мамэ къоджэ, – къыжриӀэри щӀэпхъуэжащ.

МыщӀэ зыри жимыӀэу абы и ужь иуващ. Абдежым ирихьэлӀэу Юрэ бжэщхьэӀум къытеуващ. Зи джэджьейхэр зэщӀэзыкъуэж джэдкъуртым щыхуеплъэкӀым, къэуӀэбжьащ: джэджьей быным яхэтт щхьэтоп-цӀугъэнэ зиӀэ джэджьей пщэ псыгъуэ цӀыкӀу. Юрэ, илъагъур и фӀэщ мыхъуу, дэкӀуеипӀэм къежэхри хадэм ихьэ джэджьейхэм якӀэлъыжащ. И ужь дыдэ ит джэджьей щхьэтопыр щӀалэ цӀыкӀум и лъэ макъым къыхуеплъэкӀри: «Иджыри нанэ и джэджьейхэм сыхэбгъэгъуэщэну?» – жыхуиӀэу и нэ щхъуэпсхэр Юрэ къыхуигъэджэгури, хадэм ихьа джэджьейхэм якӀэлъыжащ.

Уафэрыхум* и лъэужь махуэр игъэщӀагъуэурэ Юрэ пыгуфӀыкӀащ.

* НапӀэӀэрыку – напӀэзыпӀэ, псынщӀэ.

* Уафэрыху (черкес.) – вагъуэиж (къэб. адыгэ).



## ДИ ЖЫЛАГЪУЭХЭМ
## Я ПАСЭРЕЙ ФІЭЩЫГЪЭХЭР ЗЫДОГЪАЩІЭ




Къулъкъужын Ипщэ, Ищхъэрэ
Ст. Лескен, Лескен II
Лашынкъей
Нарткъалэ
Малкэ
Нартан
Павлоградскэ
Прохладный
Псыгуэнсу
Псыхъурей
Сэрмакъ
Ст. Крепость
Ст. Урыху
Ст. Шэрэдж
Терекскэ
Урожайнэ
Урыху
Хьэмидей
Шэджэм (1, 2)
Шэрэдж Ищхъэрэ
Анзорей
Дохъушыкъуей
Ашэбей, Хьэжыхьэблэ
Абзуанхьэблэ, Къуэнхьэблэ
Къылышбийхьэблэ
Тохътэмыщей
Жанхъуэтхьэблэ
Къуэгъулъкъуей
Бабыгуей
Кушмэзыкъуей
Дударыкъуей
КъалэкIыхь
Лафыщхьэблэ
Абейкъуажэ
ХьэпцIей
Къундэтей (1, 2)
Къуэжьыкъуей Ищхъэрэ
Дохъушыкъуей
Болэтей
Хьэтуей

# ЩІЭБЛЭ



Жьэкlэмыхъу Ренат Кенжэ 20-нэ школым щоджэ, 4-нэ классщ. Япэ классым зэрыщlэтlысхьэ лъандэрэ еджапlэм и гъащlэм – lуэхугъуэ, зэхьэзэхуэ щlагъуэ къэмынэу – жыджэру хэтщ. Зэпеуэхэм хэт къудейкъым – увыпlэфlхэр къыщехь. Щытхъу тхылъу, дипломрэ грамотэу къыхуагъэфэщар куэдыкlейщ. Псалъэм щхьэкlэ, «Русский медвежонок – языкознание для всех» – Япэ увыпlэр къыщихьащ, «Сэ фlыуэ слъагъу псэущхьэ» сурэт щlынымкlэ зэпеуэм – Япэ увыпlэр, инджылызыбзэмкlэ лъэпкъпсо зэпеуэм – Япэ увыпlэр...

Курыт школыр къиуха нэужь, еджапlэ нэхъыщхьэ щыщlэтlысхьэкlэ сэбэп къыхуэхъужыну сертификат зыбжанэ иlэщ, абыхэм ящыщщ ИКТ «Инфознайка» – информатикэмкlэ лъэпкъпсо зэпеуэм тlэунейрэ къыщыхуагъэфэщар. Мы гъэм, апрелым и 6–8-м, Санкт-Петербург щекlуэкlа Урысейпсо зэпеуэм сертификат къыщыхуагъэфэщащ; а сертификатым итщ «Стратегия будущего» жыхуиlэ узэщlыныгъэ программэр сыхьэт 12-м къриубыдэу фlыуэ зэрызэригъэщlар, «Если бы я был Президентом» зэхьэзэхуэм зэрыхэтар.

Ренат спортми дехьэх – самбокlэ, дзюдокlэ Япэ, Етlуанэ, Ещанэ увыпlэхэр къызэрихьамкlэ дипломрэ медаль зыбжанэрэ и «ехъулlэныгъэ пхъуантэм» дэлъщ.

***НЭТЫХЪУЕЙ Синэ***






## ДЫГЪЭЩЫГЪЭ



***АБЫДЭ Самирэ,***
илъэсиплI, сабий сад «Насып», Налшык къ.



***ЕТУ Арэбеллэ,***
6-нэ кл., 5-нэ едж., Налшык къ.



***БЫШЭН Аслъэнбэч,***
илъэсих,сабий сад «Насып», Налшык къ.



***ДОЛ Ясминэ,***
1-нэ кл., 32-нэ едж., Налшык къ.



***ЧЫРЖЫН Эльмирэ,***
3-нэ кл., 3-нэ едж., Къармэхьэблэ



***ХЪУЭКIУЭН Лянэ,***
илъэситху, Прогимназие № 2 Бахъсэн къ.

# ШЫФI ЗИIЭМ ДАМЭ ТЕТЩ

## Зэхуэвгъакlуэ

ЩIАКIУЭЕЛЪЭ

ШУЕIЭБЫХ

ДЖЭДЫКIЭЕУЭ

ШЫГЪАЖЭ

ШЫКЪЕЛЪЭ

ШУДЭКI

Жэрыжэкlэ шыр здэжэм шууейр къолъэри мэшэсыж.

Шухэр къызэкlэлъыщlопхъуэ, здэжэм щlым ягъэтlылъа хьэпшып цlыкlуфэкlухэр къапхъуатэ.

Шууейхэр йоувыкl, зэуэ зэдолъри къызэдожэ. Абы щытекlуа шым дамыгъэ ират.

Щlакlуэ шыхьам и кlапэ зырызыр яубыд, Iэфракlэпэу* 2-3 и лъагагъыу, шууейхэр къажэурэ абы йолъэ.

Шууейхэр къыздрикlуэ гъуэгум джэдыкlэ щагъэтlылъ. Ахэ абы къыфlэкlыну хуиткъым фочкlэ еуэурэ ямыкъутауэ.

Гупитl йоувыкl, я зэхуакум «гъуэгу» щащlу. Абы нэр темыпыlэу шур дожри къызэщlоувылыкl, лъакъуиплlымкlи щlым тету.



*Iэфракlэпэ – кlыхьагъ, лъагагъ къызэрапщ пщалъэ.



ШЫГЪЭУДЖ

Пыlэр щlым ягъэтlылъ. Шур зджэм пыlэм фочкlэ йоуэри еугъуэн. Ар къипхъуатэу, дридзейуэ зыугъуэныфи щыlэщ.

ДЖЭДЫКIЭКЪУТЭ

Щlым зэфlэту джэдыкlэ зы-тlу трагъэувэ, шы лъакъуэмкlэ ар къутэн хуейщ. (Апхуэдэу щlащlыр къафщlи къытхуэфтх.)

ШЫГЪЭДЖЭГУ

Шым и lэпкълъэпкъыр зэрымыкlмэ, хуэмыху мэхъури, къарагъэжыхь, зыгуэрхэм ирагъалъэ, lэмалхэм хурагъасэ.

ПЫIЭЕУЭ

Гуфlэгъуэ зиlэм я пщlантlэм шы къыщагъафэ абы хузэхалъхьа пшыналъэкlэ.



## Шым теухуа упщlэхэм жэуап къефт, къытхуевгъэхь

1. Нартхэ я шы цlэрыlуэм зэреджэр сытыт? (*Абы тхылупщlэ лейрэ дзажэналъэ лейрэ иlэт*). Нарт lыхъужьхэм ящыщу апхуэдэш хэт иlа?

2. Адыгэ тхакlуэхэм ящыщу шым (шум) теухуа фlэщыгъэцlэ иlэу роман, повесть, рассказ, усэ хэт итхауэ фщlэрэ?

3. Адыгэр лъэпкъыжьым нартхэ я деж къыщежьауэ шыр игъэхъу пэтми, зэрыщlащlэ и шы lэпслъэпсхэр нэгъуэщlыбзэм къыхэкlащ. Ар сыт щыхьэт зытехъуэр?

4. Нал зыщlэмылъыр сыт хуэдэ шы лъэпкърат? (*Абы и фlалъэм адреишхэм хуэдэу зэгуэх иlэкъым.*)

5. Адыгэш цlэрыlуэхэм ящыщу (щолъэхъу, жэрыщты, кърымщокъал, шагъдий, къундет, абыкъу) нэхъ цlэрыlуэр, уэрэд зыхуаусар дэтхэнэра? (*Абы и лъапсэр къыщежэр Къэбэрдейрщ*).

6. Сосрыкъуэ и кlуэдыкlар сыткlэ шым епха? (*Абы и шыр Тхъуэжьейт*).

nur.kbr1982@yandex.ru

*Зыгъэхьэзырар А. Б.*

# ЕГЪЭДЖАКIУЭМ И ГЪЭТIЫЛЪЫГЪЭХЭР

***КIЫЩОКЪУЭ Алим** и «Елбэздыкъуэ» псысэр курыт еджапIэм 5-нэ классым щадж. Сабийхэм абы хуэзэхалъхьа* псалъэзэблэдзыр *МКОУ СОШ № 11-м и егъэджакIуэу щыта **БЕКЪАН Масирэт** ихъумащ*



***ЕкIуэкIыу:*** **3.** Щхьэ етIуанэр зэрыхъуар. **5.** Дыгъэ нурым еплъу тхьэIухудыр зытесар. **8.** Бий нықъуакъуэ зимыIэж Елбэздыкъуэ псэупIэ здищIар. **9.** Фызыжьым Елбэздыкъуэ кърита хьэпшыпхэм ящыщ зы. **10.** Щхьэ етхуанэр ишхащ а мэз псэущхьэм.

***Къехыу:*** **1.** Иныжьыр къыщыкIэлъысым ар япэу идзащ Елбэздыкъуэ. **2.** Хьэсэм кIуэуэ Иныжьым зэрыджэгуну жыхуиIа джэгукIэр. **4.** ЕплIанэ щхьэр зыхьар. **5.** Елбэздыкъуэ Иныжьым къытрихыжар хэт? **6.** Гъуджэр къызэридзэкIа нэужь къэхъуар сыт? **7.** Мажьэр Елбэздыкъуэ къызэридзэкIри ар къэхъуащ.

Псалъэзэблэдзыр зэхэзылъхьар
5-нэ классым щеджэ
***КЪАСЫМ Олесэщ***

# Псалъэухахэр зэвгъэзэхуэж, къытхуевгъэхь

Еджак Iуэхэм ятх щыуагъэхэр (9-нэ кл., 2006-2007 гъэ еджэгъуэ)

- Дыгъуасэрей жэщым ди жэмым танэ цIыкIу къилъхуащ.
- Сэ куэд мыщIэу пщIыхьэпIэ хьэлэмэт слъэгъуащ.
- Ди гъунэгъум къуаргъ куэд яIэщ.

- Сэ ажэгъафэ сIыгъыу къэскIухьащ.
- Дэ псым мафIэ щытщIащ, зыдгъэхуэбэжыну.
- Нобэрей жэщыр щIыIэщ, ауэ вагъуэ дахэ уафэм тетщ.

- Махуэ къэс сэ жэщым пщIыхьэпIэ солъагъу.
- ЩIымахуэ пщIондэ нартыхур хэтсэн хуейщ.
- Школым пщэфIапIэ дахэ иIэщ.




## ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ

*ЕкIуэкIыу:*

1. Елбэздыкъуэ едапщанэ къуэш?
2. Гъуджэм къигъэхутар сыт?
3. Иныжьым щхьэ дапщэ пытар?
4. «Чыху, чыху, си…, шыми ещIэ си гуращэр».
5. Мажьэм къигъэхутар.
6. Щхьэ етхуанэр зышхар.
7. Елбэздыкъуэ зэзэуар.
8. Псысэр зи Iэдакъэщ|экIыр.
9. Елбэздыкъуэ шэщым къыщригъэлар.

Псалъэзэблэдзыр зэхэзылъхьар
***ПЩЫУНЭ Ислъамщ***

# Адыгэ сабийм и дунейр зыузэщI лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр дунейм къытохьэ

«НУР» журналым кърахыжа псысэхэмрэ хъыбархэмрэ Тыркум щыпсэу адыгэ сабийхэм тхылъитIу къыхудагъэкIащ нэгъабэ.

Адыгэбзэ зэзыгъащIэхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъу диск – Тыркум, тхылъ – Адыгейм мы гъэм къыщыдэкIащ.

Япэ сабий мюзикл адыгэбзэкIэ мы гъэм Къэбэрдейм къыщыдэкIащ.



# АДЫГЭ НЫПЫМ НАСЫП И ПЛЪАПIЭЩ








ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»

Издается
С 1 января 1982 года
№ 5 2018 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Редколлегия:
*Х. КАРМОКОВ*
*А. КАРМОВА*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*П. ХАТУЕВ*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Набор и вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ07-00125 от 11 января 2018 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по КБР.

Подписано к печати 07..05. 2018 г.
Выход в свет 25.05. 2018 г.

Формат 60х90 $^1/_8$
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл.печ. л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 3040 экз.
Заказ № 179
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 13,87 руб.; за 6 мес.– 83,22 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30

**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в типографии ООО «Тетраграф» 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.